

Gid pou Fanmi ki eksplike Apèsi sou Kalite Pre-K a



Kisa Apèsi sou Kalite Pre-K a ye? Apèsi sou Kalite Pre-K a se yon zouti ki ka ede w konprann diferan aspè nan pwogram Pre-K pou Tout Moun atravè Vil Nouyòk. Objektif nou se pou ba w enfòmasyon pou ede w jwenn pwogram ki ka satisfè bezwen pitit ou a ak fanmi w pi byen .

Apèsi a se youn nan plizyè mwayen ou ka gen enfòmasyon sou kalite pwogram yo. Nou ankouraje w tou pou ale vizite pwogram Pre-K yo pou gade, poze pwofesè ak dirijan yo kesyon, epi pale avèk lòt fanmi sou eksperyans yo nan pre-K.



Kòman mwen ka itilize Apèsi sou Kalite Pre-K a? Apèsi sou Kalite Pre-K a se yon sous enfòmasyon sou kalite pwogram ou ka itilize lè w ap pran desizyon sou ki kote pou aplike nan pre-K. Gen plizyè faktè pou konsidere pou yon pwogram bon kalite epi Apèsi a kapab sèvi kòm yon zouti itil pou wè kèk enfòmasyon enpòtan sou evalyasyon ak sondaj nan yon sèl kote.

Ou ka itilize Apèsi a nan konvèsasyon avèk dirijan ak pwofesè nan pwogram pre-K w ap konsidere a. Nou ankouraje w pou vizite pwogram ki enterese w yo epi pale avèk dirijan ak pwofesè yo pou konprann pi byen chak pwogram pre-K. Estaf pwogram lan pral kapab pale avèk ou sou pwon fò patikilye pwogram lan. Nou atann tou pou dirijan pwogram yo reponn kesyon sou Apèsi a.

Ale sou nyc.gov/prek pou jwenn yon lis kesyon nou sijere ou ka poze dirijan ak pwofesè nan pwogram lan.

Kòman mwen ka gen aksè nan Apèsi sou Kalite Pre-K a? Pou gen aksè Apèsi sou Kalite Pre-K a:

- Ale nan Pre-K Finder nan maps.nyc.gov/prek
- Klike sou pwogram pre-K ou ta renmen jwen enfòmasyon sou li a.
- Klike sou bouton "Pre-K Snapshot"

Kisa Apèsi sou pre-K a sanble? Rechèch montre timoun ki gen yon bon kalite eksperyans nan pre-K reyisi nan lekòl primè epi yo gen plis chans pou gradye nan lekòl segondè ak kolèj. Nan bon kalite pre-K, timoun aprann atravè jwèt, eksplorasyon ak devlopman relasyon avèk pwofesè ak kamarad yo. Pwofesè Pre-K yo ranje salklas yo pou timoun yo ka itilize jwèt ak materyèl yo, travay an tigwoup, ak pou yo vin plis endepandan pandan ane a. Pre-K se yon moman kote timoun aprann jwe ansanm, pataje ak tann tou yo epi itilize mo yo pou eksprime panse ak santiman yo. Timoun konstwi, pretann, desine ak jwe andedan ak deyò avèk divès jwèt ak lòt materyèl. Yo aprann poze kesyon ak eksplòre nouvo ide. Pwogram pre-K ede bati fondasyon pou reyisit nan lekòl, lakay ak nan lavi.

Tout pwogram, tankou lekòl distri NYCDOE, *Sant pre-K*, Sant edikasyon pou debitan (*New York City Early Education Centers*, NYCEECs) ak lekòl *Charter* sipoze respekte menm [kritè kalite pwogram Pre-K for All yo](#).

Kòman nou mezire kalite nan Apèsi a? Apèsi a gen rezilta ki soti nan [Sondaj lekòl Vil Nouyòk](#) fanmi ak pwofesè pran, ansanm avèk done evalyasyon pwogram yo. "Evalyasyon pwogram" yo baze sou obsèvasyon ki fèt nan salklas pre-K yo. Espesyalis evalyasyon pou NYCDOE jwenn fòmasyon pou mezire kalite ak bay pwogram yo nòt pou evalyasyon yo. Espesyalis pou evalyasyon yo itilize twa zouti mezi sa yo:

- Sistèm nòt evalyasyon salklas (**Classroom Assessment Scoring System, CLASS**) se yon zouti




nasyonal ki gade tip entèaksyon k ap fèt ant pwofesè ak elèv nan salklas pre-K yo.

- Echèl evalyasyon anviwònman debitan (**Early Childhood Environment Rating Scale, ECERS-R**) se yon zouti nasyonal ki gade anviwònman aprantisaj pre-K a. Sa gen ladan bagay tankou salklas, lakou rekreyasyon, fason yo sipèvize timoun yo, materyèl yo gen pou itilize, ak kantite tan yo gen pou jwe.
- Evalyasyon kalite (**Quality Review**) se yon pwosesis NYCDOE devlope ki gade kòman lekòl distri yo òganize pou sipòte aprantisaj elèv ak pratik pwofesè. Evalayasyon kalite a gade tout lekòl la ann antye, pa sèlman pwogram pre-K a.

Yo pa fè CLASS, ECERS-R, ak Quality Review chak ane pou chak pwogram, men ou ka jwenn enfòmasyon ki ajou yo pou 3 ane lekòl ki sot pase yo nan Apèsi a, tankou dat yo te fè chak evalyasyon yo.

Kisa nòt nan Apèsi a vle di? Nòt nan Apèsi a endike zòn pwen fò yon pwogram ak zòn ki bezwen amelyorasyon. Pou domèn evalyasyon CLASS ak ECERS-R mezire, yo montre rezilta yo sou yon echèl 4 ba. Kat ba vle di pwogram lan "Ekselan" nan domèn sa a, twa ba vle di "Byen," de ba vle di "Pasab," epi yon ba vle di "Bezwen amelyorasyon." Yo baze nòt ba yo nan Apèsi Kalite Pre-K a sou rezilta evalyasyon pwogram nou te pale sou li pi wo a.



Pou domèn Sondaj lekòl Vil Nouyòk mezire yo, Apèsi a montre pousantaj fanmi ki reponn kesyon sa a yon fason pozitif.

Apèsi Kalite Pre-K a montre nòt chak pwogram akote nòt mwayèn pou lòt pwogram nan menm distri lekòl la. Sa pèmèt ou konpare chak pwogram avèk lòt pwogram ki nan anviwon an pou ede w jwenn pwogram ki ka satisfè bezwen pitit ou a ak fanmi w pi byen.

Poukisa kèk pwogram pa gen Apèsi oswa yo gen "N/A" nan Apèsi yo? Si yon pwogram pa gen yon Apèsi, sa vle di nou pa gen okenn done ki disponib pou pwogram sa a. Si pwogram lan gen "N/A" nan Apèsi li, sa vle di done evalyasyon pwogram lan pa disponib pou domèn espesifik sa a. Sa ka rive si pwogram lan nouvo nan Pre-K for All la.

Si yon pwogram gen "N/A" oswa si li pa gen yon Apèsi, sa pa vle di pwogram lan pa bon kalite; sa vle di sèlman nou poko mezire li.

Links ki itil

- [Enfòmasyon pou aplikasyon nan Pre-K](#)
- [Pre-K Finder](#)
- [Ankadreman pou Bonjan Lekòl](#)
- [Kritè kalite pou pwogram Pre-k for All](#)
- [Enfòmasyon sou evalayasyon pwogram](#)
- [Sondaj Lekòl Vil Nouyòk](#)
- [Evalyasyon Kalite](#)

